



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU LEKÒL PWOFFESYONÈL AK ANSÈYMAN PRIVE PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 9 oktòb 2020

Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwovizwa sa a pou Lekòl Pwofesyonèl (metye) yo ak Ansèyman Prive yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Enstriksyon Pwovizwa pou Lekòl Pwofesyonèl yo ak Ansèyman Prive yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Trade Schools and Private Instruction)) pou bay pwopriyetè/operatè lekòl pwofesyonèl yo ak lòt etablisman ak sèvis ak ansèyman prive yo ak anplwaye, kontraktè yo, founisè yo ak kliyan/etidyan yo prekosyon yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Direktiv sa a aplike - men li pa limite - ak tip etablisman ak sèvis sa yo: lekòl lang yo, preparasyon pou egzamen ak leson patikilye, oto-ekòl, fòmasyon òdinatè, fòmasyon an devlopman pwofesyonèl ak jesyon, lekòl kosmetoloji ak lekòl kwafè, fòmasyon sou vòl, fòmasyon sou sovtaaj, lekòl devlopman pèsònèl, ak lòt lekòl metye, vokasyonèl, ak lekòl teknik yo.

Gid sa a pa aplike pou enstitisyon edikasyon siperyè yo oswa lekòl pre-kinndègadenn jiska klas 12èm ane, ki sijè a separe konsèy Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pou operasyon yo ak aktivite yo pandan ijans sante piblik kontinyèl la: "[Direktiv pwovizwa pou Edikasyon Siperyè pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Higher Education during the COVID-19 Public Health Emergency) ak "[Direktiv Pwovizwa pou Enstriksyon an Pèsòn nan Lekòl Pre-Matènèl jiska Klas 12èm Ane pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for In-Person Instruction at Pre-K to Grade 12 Schools during the COVID-19 Public Health Emergency), respektivman. Pou nenpòt ansèyman metye oswa ansèyman prive ki ka fèt nan lokal yon enstitisyon edikasyon siperyè oswa nan yon lekòl pre-matènèl jiska klas 12èm ane, yo dwe ranplase konsèy ki aplikab ak plan konplè yo egzijje pou enstitisyon ak lekòl sa nan mezi kote genyen nenpòt diferans ak prekosyon ki nan konsèy pwovizwa sa a.

Anplis de sa, pwogram ansèyman nan endistri ke DOH te pibliye konsèy espesifik pou endistri (egzanp, konstruksyon, fabrikasyon, swen pèsònèl), dwe swiv alafwa direktiv ki endike nan konsèy DOH ki espesifik pou endistri a, ansanm ak sa ki endike nan dokiman sa a. Sèvis alimantè nan nenpòt etablisman ki sijè a enstwiksyon sa a yo dwe swiv enstwiksyon ke yo te dekri nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo Pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Aktivite biznis ki vann an detay yo nan nenpòt enstalasyon ki sijè ak konsèy sa dwe swiv direktiv ki dekri nan "[Konsèy Pwovizwa pou Aktivite Biznis ki Vann an Detay ki Esansyèl yo epi ki nan Faz II a Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business Activities During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Aktivite ki baze nan biwo yo nan nenpòt enstalasyon ki sijè ak konsèy sa dwe swiv konsèy ki dekri nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Travay Ki Baze nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Office-Based Work During the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la.

Konsèy sa yo se jis egzijans minimòm e pwopriyetè/operatè nenpòt enstalasyon lekòl pwofesyonèl yo ak ansèyman prive lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou

rekòmmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite ak operasyon lekòl pwofesyonèl yo ak ansèyman prive yo. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt aktivite lekòl pwofesyonèl yo ak ansèyman prive yo ak/oswa Plan Sekirite Sit.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 ma 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis esansyèl yo, jan yo defini nan rekòmmandasyon Empire State Development Corporation (ESD) yo, pa te gen restriksyon sou aktivite an pèsòn nan sou yo, men, sepandan, yo te resevwa lòd pou yo respekte rekòmmandasyon ak direktiv pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak san danje DOH te pibliye yo, epi yo te ankouraje yo anpil pou yo kenbe mezi distans sosyal jan sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la nan kad travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan/pwopriyètè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tès dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò alèt rapid k'ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzamine kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen 2020 nan divès rejyon New York. Nan dat 24 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke plizyè rejyon nan eta a te sou pwèn pou antre nan katyèm faz re-ouvèti a apati 26 jen 2020. Nan dat 20 jiyè 2020, tout rejyon nan New York, ki gen ladan Vil New York, te rive nan katyèm faz re-ouvèti Eta a.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo dwe kontinye respekte rekòmmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York bibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

Nòm pou Ekspwatasyon Lekòl Pwofesyonèl yo ak Ansèyman Prive Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite lekòl pwofesyonèl a/oswak ansèyman prive ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite lekòl pwofesyonèl yo ak ansèyman prive ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifye pa Eta a. Mèt/operatè aktivite sant/etablisman lekòl pwofesyonèl ak/oswa ansèyman prive, oswa yon lòt pati mèt/operatè a deziyen (kèlkeswa ka a, "Antite ki Responsab yo"), dwe responsab pou yo ranpli tout nòm sa yo.

Nan objektif konsèy sa a, tèm "etablisman" ke yo fè referans ak li nan dokiman sa a ka refere a nenpòt lekòl oswa lye edikatif, biznis oswa batiman komèsyal, rezidans oswa batiman rezidansyèl, veyikil, oswa lòt lye kote yo fè aktivite oswa operasyon lekòl pwofesyonèl oswa ansèyman prive.

Enstwiksyon nou pral site la yo òganize an twa kategori diferan: moun yo, espas yo, ak pwosesis yo.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Antite ki Responsab yo dwe asire ke prezans mendèv ak kliyan/etidyan yo limite a pa pi plis pase 50% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo, ki enkli anplwaye ak kliyan/etidyan yo, ke to tou de dwe kenbe distans sis pye separasyon oswa itilize baryè fizik ki apwopriye de lòt moun ki pa fè pati fanmi/fwaye imedya yo, epi, nan tout ka yo, dwe sèlman gen otorizasyon pou yo antre nan etablisman si yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo; a kondisyon ke kliyan/etidyan an gen laj plis pase de ane epi ka tolere mask sa a sou plan medikal.
- Pati ki Responsab yo dwe asire ke moun yo kenbe yon distans omwen sis pye nan mitan yo, enkli anplwaye ak kliyan/etidyan yo, tout tan (pa egzanp, distans ant biwo yo), sof si moun sa yo se manm fanmi/fwaye, oswa sekirite oswa aktivite debaz la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanp, opere rejis, deplase ekipman, itilize yon asansè, opere yon otomobil), nan ka sa a, moun yo dwe mete yon kouvèti vizaj ki akseptab. Kote sis pye separasyon an pa posib, Pati ki Responsab yo ka itilize baryè fizik ki apwopriye ant moun yo ki pa afekte negativman fliks lè, chofaj, refwadisman, oswa vantilasyon, oswa otremman ki prezante yon risk pou sante oswa pou sekirite.
 - Anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab nenpòt lè yo a sis pye distans ak yon lòt moun ak nenpòt lè yo kominike avèk kliyan/etidyan yo (pa egzanp, anseye yon etidyan) kèlkeswa

distans lan. Moun yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt mon vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann, sof si moun yo se manm menm fanmi/fwaye.

- Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
- Sepandan, mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo, ke yo ka jete, oswa ke yo fè lakay yo pa mask pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay yo ki nòmalman mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) akòz modèl travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl ke yo konn itilize nan kad nòm endistri aktyèl yo, konfòmman a [lis enstriksyon OSHA yo](#).
- Yo dwe aplike egzijans kouvèti vizaj la nan yon fason ki konsistan avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act, ADA) federal la ak Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta ak Vil New York, jan sa aplikab.
- Antite ki Responsab yo ka modifiye itilizasyon ak/oswa limite kantite espas travay yo ak espas kote anplwaye yo chita, pou ke anplwaye yo ka a omwen sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzan. kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje espas travay yo san yo pa netwaye oubyen dezenfekte yo apre yo fin itilize yo. Lè distansyasyon an pa posib ant espas travay yo, Pati ki responsab yo dwe egzije itilizasyon kouvèti vizaj oswa enstale yon baryè fizik (egzanp mi pwoteksyon an plastik) nan zòn kote yo pa ta afekte negativman sikilasyon lè, chofaj, refwadisman, oswa vantilasyon, oswa otreman ki prezante yon risk sante oswa yon risk sekirite.
 - Si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo konfòmman a [enstriksyon OSHA yo](#).
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan rido an band, kabin, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
 - Estasyon travay pataje (egzanp "biwo pataje") dwe netwaye ak dezenfekte ant itilizatè yo.
- Pati ki Responsab yo dwe asire aranjman biwo yo pèmèt omwen sis pye ant kliyan/etidyan yo. Kote sa pa posib, Pati ki Responsab yo ka itilize altènativ sa yo:
 - Enstale baryè fizik ant biwo yo; ak/oswa
 - Fèmen oswa retire biwo adjasan yo.
- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo pou yo modifiye dispozisyon etablisman yo pou anplwaye ak kliyan/etidyan yo ka omwen a sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo lè anplwaye yo ap travay epi kliyan/etidyan yo ap resevwa esnstriksyon amwens ke gen baryè fizik apwopriye ki sou pye (pa egzanp, baryè an glas oswa klwazon).
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon ti espas fèmen (paregzanp dèyè kès, nan depo, asansè, biwo yo), sòf si tout moun ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa oswa yo se manm menm fwaye/fanm. Sepandan, menm si yo itilize kouvèti vizaj pa ta dwe gen plis pase 50% kantite moun maksimòm nan espas la, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib nan espas konsa (egzanp, ouvri fenèt ak pòt) pandan y'ap kenbe pwotokòl sante ak sekirite yo. Pi lwen, Pati Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou anpeche kongregasyon nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt yo itilize eskalye yo.
- Kote sa posib, antite ki Responsab yo ta dwe poste afichaj ak makè distans yo ki endike espas sis pye yo nan tout espas anndan yo ke moun itilize an komen pou anplwaye yo ak nenpòt zòn kote moun fè liy yo nòmalman oswa kote moun ka rasanble yo (pa egzanp, espas kote moun yo ka make lè yo

kòmanse/fin travay, espas evalyasyon sante yo, zòn kontwòl ekipman yo, zòn gichè lajan yo, kote yo tann lè jwèt yo, elatriye).

- Pati ki Responsab yo ka chwazi make sèk sis pye distans alantou biwo yo, espas travay yo ak lòt zòn travay komen oswa zòn kote gen anpil chans pou gen rasanbleman yo nan etablisman an.
- Pati ki Responsab yo ka konsidere fèmèn nenpòt zòn datant komen. Nan limit kote espas sa yo rete ouvè, Pati Responsab yo ta dwe modifiye aranjman zòn syèj yo (eg, chèz, tab) pou asire ke moun yo o a omwen sis pye apa nan tout direksyon (egzanp, kòt a kòt ak lè yo fas a fas youn ak lòt) oswa asire ke yo enstale baryè fizik.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatoou atravè sit la, ki an akò ak [siyalizasyon DOH pou COVID-19 la](#). Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou yon lye oswa kad travay, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou l:
 - Rete lakay ou si yo malad.
 - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
 - Mete yo an karantèn si dènyèman yo te nan yon eta oswa yon yon peyi ki gen gwo transmisyon kominotè COVID-19, dapre [avi vwayaj DOH la](#).
 - Byen konsève epi, lè sa nesèsè, jete ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo.
 - Respekte enstriksyon sou distans sosyal yo.
 - Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.
 - Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
 - Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Pati ki Responsab yo ka chwazi itilize epi ankouraje konferans nan videyo oswa telefòn yo olye de rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp, klas, konferans, orè fonksyonman yo) pou kapab redwi dansite rasanbleman yo, konfòmman a enstwiksyon CDC pase nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè yo pa prefere videyokonferans oswa telekonferansoswa lè yo pa posib, Pati Responsab yo ka chwazi fè yon kou oswa reyinyon nan espas ouvè ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (egzanp kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo chita nan chèz altène).
- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal lè y'ap limite kantite moun ki okipe espas yo oswa fèmèn enstalasyon anplwaye ki pa esansyèl yo ak espas kolektif yo ki pa pèmèt distans sosyal apwopriye yo. Si yo ouvè yo, Pati Responsab yo dwe mete sanitizè pou men oswa papye dezenfekte disponib toupres ekipman sa yo (egzanp, distribitè otomatik, estasyon kafe kominal).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egzanp, siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.

- Pati Responsab yo ka aplike pi bon pratik nan twalèt komen yo ki gen ladan men pa limite a:
 - Enstalasyon baryè fizik ant twalèt yo ak lavabo yo, distribitè savon/papye ijyenik, si sis pye separasyon an pa posib; ak
 - Itilize distribitè savon ak papye ijyenik san kontak otomatikman.
- Nan limit sa posib, Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou jwè ak anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou tout rasanbleman (pa egzantp, pandan poz kafe yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo).

C. Aktivite Operasyonèl

- Nan limit posib, Pati ki Responsab yo ta dwe estriktire aktivite gwoup yo oswa klas yo nan yon fason ki evite yo mennen moun oswa gwoup ki pa asosye (egzanp, fanmi, fwaye oswa gwoup) an kontak sere oswa pwoksimite youn ak lòt.
- Pati ki Responsab yo ta dwe konsidere yon melanj klas tradisyonèl an pèsòn ak adistans selon bezwen kliyan/etidyan yo (pa egzantp, popilasyon vilnerab), kapasite teknolojik, ak limit kapasite yo.
- Pati ki Responsab yo ta dwe dekouraje ofri klas san randevou epi aplike règleman enskripsyon pou klas davans, kote sa aplikab.
 - Nan limite posib, yo ta dwe mande kliyan/etidyan yo ki pran randevou alavans yo pou yo tann nan machin oswa andeyò lokal la a yon distans omwen sis pye jiska lè randevou yo a. Menm jan an, si Pati Responsab yo pa kapab ofri kliyan ki pa gen randevou yo sèvis touswit, yo ka bay kliyan sa yo yon lè randevou epi mande yo tou pou yo tann nan machin oswa deyò lokal la a yon distans omwen sis pye jiska lè randevou yo a.
- Antite ki Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl yo, apati metòd tankou:
 - ajiste orè klas la oswa orè travay la, kote sa apwopriye ak posib;
 - limite prezans an pèsòn a sèlman manm pèsònèl ki gen nesosite pou yo nan etablisman;
 - ofri opsyon aprantisaj adistans;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - chanje konsepsyon orè klas yo pou kreye gwoup oswa seksyon anplwaye oswa kliyan/etidyan (egzanp, ekip A/B);
 - repati orè klas sou sit la pou diminye kontak nan mitan kliyan/etidyan yo nan diferan klas ak konjesyon nan zòn komen yo (egzanp, koulwa, pasaj pyeton);
 - Fè manm fanmi/ fwaye/ gadyen legal yo rete tann deyò etablisman an pou depoze ak pase chèche moun;
 - klase aktivite pa gwoup, kote sa posib, pou anplwaye yo ka konfòme yo ak distans sosyal;
 - devlope pwotokòl pou itilize ekipman biwo komen san danje tankou telefòn, machin fotokopi, enprimant, anrejistrez, elatriye;
 - entèdi itilizasyon ekipman pataje (egzanp, liv, materyèl pou ekri) san yo pa netwaye ak dezenfeksyon yon fason apwopriye ant itilizasyon epi fèmen depo ekipman yo; ak/oswa
 - sèvi avèk yon sistèm ki rann ekipman pare pou itilize (sa vle di, li deja netwaye ak dezenfekte).

- Pati ki responsab yo ta dwe ajiste èdtan operasyon yo jan sa nesèsè pou pèmèt pwosedi netwayaj ranfòse, dapre direktivDOH la.
- Pati ki Responsab yo ta dwe asire tout leson prive, leson endivisyèl (egzanp, leson kondwi, vòl, mizik, ak/oswa leson lang) yo sou randevou sèlman epi yo dwe pèmèt leson ki fèt nan ti anviwònman ki fèmèn sèlman pou yon kliyan/etidyan ak yon sèl enstriktè nan menm moman an (egzanp, anndan yon veyikil).
- Pou biznis ki bay sèvis adomisil (pa egzanp, leson patikilye adomisil), Pati ki Responsab yo ta dwe bay yon lè yo deziyen pou sèvis ki pa sipèpoze epi egzije kliyan yo mete kouvèti vizaj ak konfòme yo avèk direktiv distans sosyal yo.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo ta dwe aplike opsyon kontwòl ak pèman san kontak oswa opsyon peye davans oswa rezèvasyon pou kliyan/etidyan yo itilize, lè sa disponib.
 - Pati Responsab yo ta dwe diminye manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, kote sa posib.
- Nan limit ki posib, Pati ki Responsab yo ta dwe fè efò pou kenbe yon plan anplwaye ki pa mande pou anplwaye yo "ale vini" ant diferan salklas oswa gwoup kliyan/etidyan yo.
- Antite ki Responsab yo dwe siveye ak kontwole fliks sikilasyon anplwaye ak kliyan/etidyan k'ap antre, ak ki anndan etablisman pou garanti egzijans respè kapasite maksimòm yo ak distans sosyal la.
- Pati ki Responsab yo ta dwe mete an plas mezi pou redwi sikilasyon anplwaye a pye nan de sans ak kliyan/etidyan yo k'ap mache nan etablisman an nan sèvi avèk baryè, tep, oswa siy ak flèch nan ale etwat yo, koulwa yo, oswa nan espas yo.
 - Kote sa posib, mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon a sans inik.
- Pati Responsab yo ta dwe endike byen klè antre ak sòti ki separe, kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (eg, deziyen yon sòti pou moun yo k'ap kite enstitisyon an ak yon antre separe pou moun k'ap antre yo) ak mouvman yo (egznp, anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon pa yo toutotan sa posib).
- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo pou (1) jere fliks sikilasyon andan batiman an ak pou kontwole limit okipasyon/kapasite ak (2) fasilite depistaj sante jan yo dekri anba a pandan y'ap rete an konfòmite ak règleman sou sekirite kont ensandi ak lòt règleman ki aplikab yo.
 - Devlope yon plan pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y'ap fè liy anndan oswa andeyò batiman an pou tès depistaj, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo ta dwe fè aranjman espas pou kliyan/etidyan yo ret tann (egz: liy, espas paking) pou ogmante distans sosyal pami moun yo epi diminye entèraksyon ak lòt moun nan espas la.
- Pati ki Responsab yo dwe asire kesye a oswa anplwaye k'ap fè kontwòl la mete yon kouvèti vizaj epi yo ta dwe adopte yon baryè fizik ant kliyan an ak anplwaye yo (egzanp, pleksiglas). Pwosesis sa a ta dwe san kontak, nan limit ki posib.

- Pati responsab yo ta dwe etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak fè livrezon, avèk lemwens kontak posib.
 - Pou livrezon machandiz oswa ekipman, Antite ki Responsab yo ka kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè yo ka rete nan machin yo pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa posib, Antite ki Responsab yo dwe bay travayè yo ekipman pou pwoteksyon pèsònèl ki akseptab epi ki apwopriye pou aktivite yo antisipe yo ki enkli, pou pi piti, yon mask gratis pou kouvri figi yo bay pèsònèl ki ap fè livrezon yo pandan dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe fè anplwaye yo devlope ijyèn men avan e apre yo fin transfere yon chaj (egz: de yon chofè livrezon) machandiz oswa ekipman (egzanp, dezenfekte men avan yo kòmpanse chaje atik yo; e apre tout atik yo fin chaje, yo dezenfekte men yo ankò).

II. ESPAS YO

A. Ekipman Pwotektif

- Pati Responsab yo dwe asire ke y'ap sèlman pèmèt anplwaye ak kliyan/etidyan yo antre nan etablisman si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; depi ke, sepandan, moun nan gen plis pase de zan epi li kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa.
 - Dapre Dekrè Egzekitif 202.34, Pati Responsab yo gen dwa refize pou moun ki pa kouvri figi yo antre.
 - Pou moun ki pa kapab tolere medikalman kouvèti vizaj ki akseptab, Pati Responsab yo dwe asire ke moun sa yo mete yon plak pwotèj figi tout tan. Sepandan, CDC a "pa rekòmande aktyèlman pou sèvi ak plak pwotèj figi kòm yon ranplase mask [ki sifizan]".
 - Pou aktivite edikatif ki fèt nan anviwònman akwatik (pa egzanp, fòmasyon sovta), yo pa dwe mete kouvèti vizaj.
 - Pati Responsab yo ka pèmèt anplwaye yo itilize lòt PPE (sa vle di, kouvèti vizaj ki transparan nan oswa alantou bouch la) pou enstriksyon oswa entèvansyon ki egzijè vizyalizasyon mouvman lè ak/oswa bouch yo (pa egzanp, terapi otofonik). Yo ka itilize lòt kouvèt sa yo tou pou kèk etidyan (pa egzanp, pwoblèm pou tande) ki benefisye posibilite pou wè davantaj vizaj pwofesè a oswa manm pèsònèl la.
- Pati Responsab yo dwe asire ke kliyan/etidyan yo mete kouvèti vizaj chak fwa yo nan zòn komen oswa senaryo kote li ka difisil pou kenbe sis pye distans (pa egzanp, antre oswa kite etablisman an, kominike avèk anplwaye yo) epi chak fwa kliyan/etidyan yo yo a sis pye de moun ki pa manm nan fwaye/gwoup yo; depi ke, sepandan, ke kliyan/etidyan an gen plis pase de zan epi li kapab medikalman tolere yon kouvèti konsa a.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo mete mask ki kouvri figi yo lè yo a sis pye ak lòt moun nan etablisman an. Anplwaye yo dwe mete tou kouvèti vizaj nenpòt lè yo kominike avèk kliyan/etidyan yo (tankou klas ansèyman, anndan veyikil yo) kèlkeswa distans lan.
- Pou sèvis adomisil oswa sèvis sou pwopriyete kliyan (pa egzanp, leson patikilye adomisil), Pati Responsab yo dwe egzijè pou anplwaye yo mete kouvèti vizaj lè yo kominike avèk kliyan/etidyan yo. Anplwaye yo ak alafwa kliyan/etidyan yo dwe mete kouvèti vizaj lè yo a sis pye oswa nan yon espas ki fèmen.
 - Pou sèvis adomisil yo, Pati ki Responsab yo ka refize bay kliyan/etidyan ki pa reyisi kouvri figi sèvis pandan y'ap kominike a sis pye distans, oswa nan yon espas ki fèmen ak anplwaye yo.

- An plis de Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) yo ki nesèsè jan yo mande sa pou kèk aktivite nan espas travay yo, Antite ki Responsab yo dwe achte, konfeksyone oswa otreman jwenn mask ki akseptab pou kouvri figi yo, epi yo ta dwe bay anplwaye yo mask sa yo gratis pandan yo nan travay la. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab ak lòt ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon kliyan/etidyan ta nan bezwen.
 - Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Remake ke yo pa ta dwe konsidere mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak mask ke yo ka jete yo kòm mask ki akseptab pou kouvri figi pou aktivite nan espas travay yo ki mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou kondisyon pou kouvri figi yo. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite lekòl pwofesyonèl ak ansèyman prive, yon mask an twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Antite ki Responsab yo dwe adere a nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo
 - Antite ki Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. An plis, enstwiksyon sa a pa ta dwe anpeche okenn anplwaye mete pwòp kouvèti pou pwoteksyon pèsonèl yo (pa egzanp, mask chirijik, respiratè N95, oswa pwoteksyon pou figi yo). Antite ki Responsab yo ka mande anplwaye yo mete plis PPE pou pwoteksyon yo akòz modèl travay yo. Konpayi travay yo ta dwe konfòme yo anba tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye mezi ki pou limite pataj atik yo, tankou zouti, gichè, ak veyikil yo, epi evite manyen espas komen yo; oswa, mande tout anplwaye yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo vin an kontak ak sifas moun manyen souvan oswa atik yo pataje ak lòt moun yo; oswa, mande anplwaye yo fè ijyèn men yo anvan ak apre kontak yo.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo mete gan pandan y'ap manyen nenpòt pwodwi manje.
- Antite ki Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), epi jete PPE yo, ki enkli men ki pa sèlman, mask ki apwopriye pou kouvri figi yo.
- Pati Responsab yo dwe konseye anplwaye yo ak kliyan/etidyan yo pou yo netwaye oswa ranplase kouvèti vizaj yo regilyèman si yo vin mouye oswa sal.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire adersans a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "STOP THE SPREAD" (SISPANN PWOPAGASYON AN), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Jan sa posib, Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan/etidyan yo pou yo fè ijyèn men lè yo antre epi anvan yo kite etablisman an.

- Antite ki Responsab yo dwe bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, jan nou pral site la a:
 - Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papyè ke yo ka jete.
 - Pou dezenfektan pou men yo: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout zòn komen nan etablisman an pou anplwaye ak kliyan/etidyan yo itilize (pa egzanp, antre salklas yo, sòti yo, asansè yo, ak biwo kontwòl/resepsyon yo) Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan etablisman an pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo ta dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas ak moun pataje ak touche souvan yo (egzanp, biwo yo, tablo blan yo) ak ekipman epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas ak ekipman sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
 - Pati ki Responsab yo dwe asire anplwaye yo netwaye ak dezenfekte tout ekipman ak/oswa materyèl yo remèt (pa egzanp, materyèl yo, materyèl pou ekri yo) apre chak itilizasyon oswa souvan jan sa posib. Anplis de sa, yo ta dwe ankouraje kliyan/etidyan yo pou netwaye ak dezenfekte tout materyèl yo te itilize anvan ak apre yo fin itilize yo.
 - Si w'ap itilize ekipman/materyèl ke etablisman posede, Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan/etidyan yo limite itilizasyon ekipman/materyèl yo (pa egzanp, moun dwe itilize sèlman yon òdinatè), pandan tout dire aktivite a.
 - Pati ki Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan/etidyan yo pou yo pote pwòp ekipman/materyèl pa yo (pa egzanp, materyèl pou ekri, liv). Espesyalman, Pati ki Responsab yo dwe entèdi pataje ekipman oswa enstriman ki mande pou moun soufle nan yo (pa egzanp, enstriman a van) san netwayaj ak dezenfeksyon solid ant itilizatè yo. Kliyan/etidyan yo ta dwe gen pwòp ekipman pa yo depreferans ak/oswa enstriman nan sitiyasyon sa yo.
 - Kòm yon meyè pratik, Pati ki Responsab yo ka konsidere kite ekipman pou netwayaj ak dezenfeksyon tankou sèvyèt mouye (wayps) ki ka jete akote biwo yo pou kliyan/etidyan yo itilize anvan yo kòmanse klas la oswa lòt aktivite yo, ak;
 - Pati ki Responsab yo ka aplike yon sistèm kote kliyan tcheke tout ekipman/materyèl pou itilize tanporè bezwen anvan yo manivre yo, si sa posib, nan mezi pou asire ke yo netwaye ak dezenfekte ekipman yo apre chak itilizasyon.
- Pou asire ijyèn apwopriye pou liv ak materyèl papyè pataje, Pati ki Responsab yo dwe egzije bon ijyèn men nan men anplwaye ak kliyan/etidyan yo anvan yo manyen materyèl sa yo.
 - Yo ka netwaye epi yo siye liv ki gen kouvèti plastik ak medya dijital avèk wayps dezenfektan.
- Pati ki Responsab yo dwe asire yo dezenfekte tout machin ak/oswa avyon apre chak itilizasyon, enkli zòn devan ak dèyè chèz yo, kèlkeswa syèj la pandan itilizasyon anvan an.
 - Akòz elektwonik sansib nan kabin yo, Pati ki Responsab yo ta dwe bay (ak/oswa anplwaye netwayaj yo ta dwe itilize) ti sèvyèt dezenfektan ki gen omwen 70% alkòl izopropilik.
 - Kote sa posib, sèvi ak kouvèti volan ki ka jete ak/oswa kouvèti chèz epi ranplase apre chak itilizasyon pou diminye posiblite pou kontaminasyon.

- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon etablisman an ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon yo dwe fèt yon fason minisyè epi kontinyèl epi yo ta dwe fèt omwen pa jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo regilyèman fè netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo. Nou dwe netwaye epi dezenfekte twalèt yo pi souvan depandaman de a ki frekans yo itilize yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte ekipman, zouti, ak materyèl yo regilyèman lè yo sèvi avèk dezenfektan legal yo. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si pwodui pou netwaye oswa dezenfekte yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade ekipman ak/oswa materyèl yo, Pati Responsab yo dwe mete anplas pòs ijyèn men pou apre itilizasyon yo ak/oswa bay gan dispozab ak/oswa limite kantite anplwaye k ap sèvi avèk ekipman sa yo.
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo si gen yon ka kote yon moun konfime li pozitif pou COVID-19, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa dwe genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egzanp syèj yo, biwo yo, materyèl pataje yo).
- Yo espere ke Antite ki Responsab yo pral respekte enstwiksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Lè zòn nan fin netwaye ak dezenfekte kòm sadwa, yo kapab ouvè li pou itilizasyon.
 - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Konsilte "[Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch" yo.
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pou aktivite ki enplike manyen objè pataje (egz: aparèy pèman, makè tablo blan yo), espas yo (egzanp: espas syèj yo, twalèt yo), ak/oswa sifas (egzanp: pòt yo, biwo yo), Pati Responsab yo dwe asire ke espas ak objè sa yo netwaye ak dezenfekte chak jou, o minimòm.

- Kote sa posib e pratik, Pati Responsab yo ta dwe mete kouvèti chèz sou chèz an twal oswa lòt chèz ki ka pi difisil pou netwaye ak dezenfekte. Yo ta dwe netwaye kouvèti chèz sa yo apre itilizasyon oswa chak kat èdtan o minimòm.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje ant anplwaye yo (egzanp, sèvi tèt yo manje ak bwason), ankouraje anplwaye yo pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan y'ap manje repa yo.

C. Re-ouvèti pa Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyonman yo

kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa pou aktivite lekòl pwofesyonèl ak ansèyman prive yo retounen nan nivo nòmal yo. Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite anplwaye yo, èdtan, ak kantite kliyan/etidyan ki disponib pou yo bay sèvis lè y'ap retounen ouvri pou premye fwa pou yo ka bay operasyon ki gen kapasite pou ajiste a chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati ki Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan/etidyan yo ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye ak kliyan/etidyan yo enfòmasyon. Antite ki Responsab yo ka konsidere devlopman paj entènèt yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak rezo sosyo.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje moun yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a kominikasyon pale ak panno.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan ak deyò sit la pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS YO

A. Evalyasyon ak Tès yo

- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou pou anplwaye, epi lè sa posib, pou antrepriz ak founisè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyan/etidyan yo ak pèsònèl livrezon an.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan moun yo prezante nan etablisman la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche moun yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
 - O minimòm, tès depistaj yo dwe obligatwa pou tout anplwaye yo, epi, kote sa posib, antrepriz yo ak founisè yo, epi yo dwe ranpli li lè yo sèvi avèk yon kesyonè ki detèmine si moun nan:

- a) an tout konesans li tou pre oswa bò kote nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa te gen sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo;
 - b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo;
 - c) santi nenpòt nan sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo; ak/oswa
 - d) te vwayaje nan yon eta ki gen gwo pwopagasyon kominotè COVID-19 pandan plis pase 24 èdtan nan 14 dènye jou yo.
- Refere nou a enstwiksyon CDC pase nan "Sentom Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) yo pou kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sentom ki asosye ak COVID-19 yo.
 - Gade konsèy vwayaj DOH la pou enfòmasyon ki pi resan sou eta yo ki gen gwo pwopagasyon COVID-19 ak egzijans karantèn yo.
 - Pratik Depistaj yo enkli:
 - Si konfigirasyon espas ak batiman pèmèt, depiste moun yo ki nan oswa tou pre antre batiman an pou minimize enpak la nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime COVID-19 la.
 - Pèmèt distans sosyal adekwa pandan ke moun yo nan liy pou tès depistaj ak/oswa nan antre batiman an.
 - Admèt sèlman anplwaye ki te fè tès depistaj swa adistans oswa lè yo rive.
 - Si yo fè tchèk tanperati yo, itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre batiman yo pou idantifye anplwaye ki kapab gen sentòm yo epi mennnen yo nan yon zòn tès depistaj segondè pou konplete yon tès depistaj swivi. Si li pa posib oswa si li pa fezab, yo ka fè yon tchèk tanperati lè yo sèvi avèk tèmomèt san kontak yo.
 - Pati ki Responsab yo ka ankouraje, men yo pa ka egzije ke kliyan/etidyan yo konplete yon tès depistaj sante ak/oswa bay enfòmasyon kontak pou trasaj kontak. Pati Responsab yo ka bay yon kliyan yo yon mwayen pou bay enfòmasyon kontak pou mete yo nan journal epi kontakte yo pou rechèch kontak, si sa nesèsè.
 - Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay oswa lè enstriksyon yo.
 - Anplis de kesyonè despistaj la, verifikasyon tanperati ka fèt tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante anplwaye yo (egzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj epi rezilta tès depistaj sa yo (eg, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
 - Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a moun yo ki enfekte k'ap antre nan etablisman an. Pèsonèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki famiyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
 - Moun k'ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kouvèti vizaj ki akseptab, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.

- Yon moun ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 yo dwe pa gen aksè pou antre nan etablisman an epi yo dwe voye anplwaye ki teste pozitif la lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante pou evalyasyon ak tès.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la.
- Antite ki Responsab yo ta dwe refere yo "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke anplwaye a te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.
- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon pwèn kontak, ki ka varye selon aktivite, lokal, orè oswa jou, ki responsab pou resevwa epi ateste ke yo te revize tout repons kesyonè depistaj yo, epi yo dwe idantifye kontak sa tou kòm antite pou moun yo enfòm si pi devan yo vin santi sentòm ki gen rapò ak COVID-19 yo, jan yo make nan kesyonè depistaj la.
 - Pwèn kontak yo idantifye a pou etablisman la dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.
- Pati Responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè Plan Sekirite Espas la.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon jounal tout moun, sa gen ladan anplwaye yo, antreprenè yo ak vandè yo, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan enstalasyon an; san konte kliyan/etidyan ak livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la.
 - Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak efò depistaj kontak depatman sante lokal ak eta yo.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati ki Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan sit yo a mete yo okouran de nenpòt rezilta tès COVID-19 pozitif pa yon moun nan etablisman an, kliyan/etidyan, epi jan sa aplikab antreprenè yo ak vandè yo.
- Nan ka yon moun ki teste pozitif pou COVID-19, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk depatman sante eta ak lokal yo pou retrase tout kontak nan lye travay la epi mete depatman sante eta ak lokal la okouran tout anplwaye antreprenè, vandè, ak kliyan ki nan jounal la (jan sa aplikab) ki te antre nan espas travay la nan 48 èdtan anvan anplwaye a oswa kliyan an te kòmanse gen sentòm COVID-19 oswa te gen tès pozitif, kèlkeswa sa ki pi bonè a. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Nan ka yon moun ki montre sentòm pandan li nan enstalasyon an, Pati ki Responsab yo dwe notifiye anplwaye yo nan zòn ki ozalantou a yo oswa ki te ka te afekte imedyatman avèk enfòmasyon sou kote moun nan te ye nan tout enstalasyon epi avize yo si moun nan ki gen sentòm yo teste pozitif.

- Depatman sante eta ak lokal la gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.
- Pati ki Responsab yo ta dwe konsidere ofri yon metòd pou kliyan yo patisipe nan yon pwogram trasaj kontak, jan sa posib.

IV. PLAN PATWON YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. Eta a te mete disponib yon modèl plan sekirite re-ouvèti biznis yo pou ka gide pwopriyetè ak operatè biznis yo nan devlopman plan pou pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Wèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay COVID-19 la
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan lyan ki pi ba a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmman a enstwiksyon sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>